

AVI SOU PRATIK PWIVE

New England Institi Je

940 Commonwealth Avenue, Suite 2, Boston, MA 02215
(617) 262-2020 ext. 5192; (617) 236-6323 (fax)
Richard Bean, Compliance Manager
BeanR@neco.edu

AVI SA A DEKRI KI JAN ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU KAPAB ITILIZE E DIVULGUÉS E KI JAN OU KA JWENN AKSÈ A ENFÒMASYON SA A. TANPRI REVIZE LI AK PWEKOSYON.

Nou respekte legal obligasyon nou pou kenbe enfòmasyon sante ki identifie ou pratik. Selon la lwa nou oblije ba ou yon avi sou pratik pratik. Anons sa a dekri kijan nou proteje enfòmasyon sou sante ou ak ki dwa ou genyen konsènan li.

TRETMAN, PEMAN AK OPERASYON SWEN SANTE

Rezon ki pi komen ki fe nou itilize oswa devwale enfòmasyon medikal ou se tretman, peman, oubyen operasyon swen sante. Kèk Egzanp de jan nou itilize ou devwale enfòmasyon pou tretman se le nap mete yon randevou pou ou ; sonde ou egzamine je ou prescrib linèt/lantiy kontak ou medikaman je epi Fax yo ; aide ou ak feble vizyon ; Refere ou kay yon lòt doktè ou klinik pou swen je ou sèvis pou feble vizyon. Oswa jwenn kopi enfòmasyon medikal ou nan men yon lòt pwofesyonèl ke ou te wè avan nou. Kèk Egzanp de jan nou itilize ou devwale enfòmasyon medikal ou pou peman : mande w osijè de sante ou oubyen swen medikal ak vizyon, oubyen lòt sous peman ; pweparasyon ak koleksyon dèt oswa revandikasyon ; epi koleksyon sou balance peman (oswa noumenm ou ajans koleksyon oswa avoka). "Operasyon swen sante" vle di tout fonksyon administratif ak jesyon ke nou dwe fè pou oganize biwo nou. Kèk egzanp de jan nou itilize ou devwale enfòmasyon sante ou : verifikasyon finansye ou facturation ; kalite asirans entèn ; desizyon pèsònèl ; patisipasyon nan plan swen asirans sante ; defans de pwoblèm legal. planifikasyon biznis ; ak depo de dosye nou deyò.

Nou itilize régulièrement enfòmasyon medikal ou andedan biwo nou pou rezon sa yo, san okenn èspesyal pèmision. Si nou bezwen pou devwale enfòmasyon medikal ou an deyò de biwo nou pou rezon sa yo, nou dabitid mande ou pèmision espesyal a lekri.

ITILIZASYON AK DIVULGATIONS POU Lòt REZON SAN PÈMISYON

Nan kèk ka limite, lwa a pèmèt nou sèvi ou devwale enfòmasyon medikal ou san pèmision ou. Se pa tout sitiyasyon sa yo kap aplike pou nou ; gen kèk ka ki pa janm rive jouk nan biwo nou ditou. Itilizasyon ak divulgations sa yo se :

- Lè yon eta oubyen lwa federal bay manda pou rapòte sèten enfòmasyon sante pou rezon espesifik.
- Pou rezon sante piblik, tankou rapò sou maladi atrapan, envestigasyon ou siveyans ; ak avi pou ak de depatman federal "Food and Drug Administration" konsènan medikaman ou aparèy medikal ;
- Divulgations a otorite gouvènmantral yo osijè de viktim yo sispèk ki abize, mal okipe oswa ki viktim de vyolans domestik ;
- Itilizasyon ak divulgations pou sipèvizyon aktivite sante, tankou lisans doktè, pou kontrol Medicare ou Medicaid ; oswa pou envestigasyon de vyolasyon posib lwa sou swen sante yo.
- Divulgations pou pwosedi jidisyè ak administratif, tel ke nan repons pou assignations ou lòd de tribinal ou ajans administratifs ;
- Divulgations pou rezon lwa anfansman tel ke jan pou bay enfòmasyon sou yon moun ki se ou ke yo sispèk ki se yon viktim yon krim. Pou bay enfòmasyon sou yon krim nan biwo nou. Oswa pou rapòte yon krim ki te rive on lot kote.
- Divilge bay yon medsen lejis pou idantifye yon moun mouri, ou pou detèmine kòz lanmò a; ou pou direktè biro finaray yo pou ède nan antèman; ou pou òganizasyon yo ki jere donasyon ogan ak tissu;
- Itilizasyon ou divulgations ki gen rapò a rechèch sou sante ;
- Itilizasyon ou divulgations pou fonksyon sofistike gouvènman, kòm pou pwoteksyon pwezidan oubyen gwo potentia ofisyèl gouvènman yo; pou aktivite legal entelijans nasyonal yo. pou rezon militè. ou pou evalyasyon ak sante de manm sèvis etranje yo.
- divulgations enfòmasyon ki pa revele idantite ou.
- divulgations liy a pwogram lajan asirans travayè;
- divulgations yon "ansanm limite de done" pou rechèch, sante piblik, ou operasyon swen sante ;
- divulgations accessoires ki inevitab e ki koze pa otorizasyon itilizasyon ou divulgations.
- divulgations pou "biznis associates" ki okipe de operasyon swen sante pou nou e ki sèmente pou respekte enfòmasyon medikal prive ou ;

Sof si ou refuze, nap tou pataje enfòmasyon enpòtan sou ou ak fanmi ou oswa zanmi ou ki ap ede ou pran swen je ou.

RAPELS RANDEVOU

Nou ka rele oswa ekri pou fè ou sonje ou de orè pou randevou, ou se tan pou pran yon randevou woutin. Nou kapab rele tou ou ekri pou avèti w de lòt tretman oswa sèvis ki disponib nan biwo nou an, ki te ka ede ou, Nou pap fè sa si ou refize. Nou pral mail ou yon randevou rappel sou yon kat pòs, ak / oubyen nap kite yon mesaj rappel sou repondè lakay ou, oubyen avèk yon moun ki repon telefòn ou si ou pa lakay ou.

LÒT ITILIZASYON AK DIVULGATIONS

Nou pa pwal fè oken lòt itilizasyon ou divulgations enfòmasyon sante ou, Selman si ou siyen yon "fòm otorizasyon" a lekri. Se lwa federal ki detèmine sak nan " fòm otorizasyon " an. Pafwa, nou ka inisyè pwosesis otorizasyon an si sèvis oswa Divilgation se lide nou. Pafwa, ou ka inisyè pwosesis la si se ou ki deside pou nou voye enfòmasyon ou bay yon lòt moun. Nòmman, nan sitiasyon sa a ou ap ban nou yon fòm otorizasyon ki byen rampli, oswa ou ka sèvi ak yonn nan pa nou yo.

Si nou inisyè pwosesis la epi nou mande ou pou siyen yon fòm otorizasyon, ou pa oblije siyen li. Si ou pa siyen otorizasyon a, nou pa ka fè itilizasyon ou Divilge li. Si ou siyen yon, ou ka chanje lide ou a nenpòt ki lè amwen ke nou deja aji sou li. Chanje lide dwe a lekri. Voye yo bay moun ki kontak pou biwo ki nome nan tèt anons sa a.

DWA OU KONSÈNAN ENFÒMASYON SANTE OU

Lwa a ba ou plizyè dwa konsènan enfòmasyon medikal ou. ou kapab:

- Mande nou pou restrenn itilizasyon ak divulgations nou pou tretman (eksepte tretman dijans), peman ou operasyon swen sante. Nou pa gen pou dakò pou fè tou sa, men, si nou dakò, nou dwe respekte restriksyon ou vle yo. Pou mande yon restriksyon, voye yon demand a lekri bay moun ki kontak biwo a nan adrès, faks oubyen lapòs ki nan tèt anons sa a.
- Mande nou pou kominike ak ou nan yon fason konfidansyèl, tankou rele ou nan travay olye de lakay, voye enfòmasyon sante ou nan yon lòt adrès, oubyen itilize kouryèl pou lapòs ak adres pèsònèl. Nou pral akomode demann sa yo si yo rezonab, epi si ou peye pou tout extra frè. Si ou vle mande pou kominikasyon konfidansyèl, voye yon demand a lekri bay moun ki kontak biwo a nan adrès, faks, ou kouryèl ki nan tèt anons sa a.
- Mande pou wè ou po ou jwenn photocopies enfòmasyon medikal ou. Selon lalwa, genyen kèk sitiasyon limite kote nou ka refize pou pèmèt aksè ou byen pou fè kopy. Pi souvan, sepandan, ou ap ka revize oswa gen yon kopi enfòmasyon medikal ou nan yon delè de 30 jou de lè ou mande nou (oswa swasant jou si enfòmasyon an sere deyo). Ou ka gen pou peye pou photocopies alavans. Si nou refize demann ou, nou pral voye ba ou yon esplikasyon a lekri, ak sa pou ou fè osijè de kòman pou jwenn yon revizyon enpasyal de refi nou, si yonn disponib legalman. Dapre lalwa, nou ka gen yon sèl ekstansyon 30 jou pou nou ba ou aksè ou photocopies si nou voye ba ou yon avi a lekri pou ekstansyon an. Si ou vle revize ou jwenn photocopies enfòmasyon sante ou, voye yon demand a lekri bay moun ki kontak biwo a nan adrès, faks, ou kouryèl ki nan tèt anons sa a.
- Mande nou pou amande enfòmasyon medikal ou si ou panse ke li pa kòrèk oswa enkonplè. Si nou dakò, nou pral amande enfòmasyon an 60 jou de lè ou te mande nou. Nou pral voye enfòmasyon korije pou moun nou konnen ki te recevwa enfòmasyon pa kòrèk, ak lòt moun ke ou espesifye. Si nou pa dakò, ou ka ekri yon deklarasyon de pozisyon ou, e nou pwal genyen l' ak enfòmasyon medikal ou ansanm ak tout deklarasyon replike nou ka ekri. Yon fwa ke deklarasyon de pozisyon ak/oubyen replik nou nan dosye sante ou, nou pral voye yo ansanm chak fwa nou fè yon autorizasyon pou divulgations enfòmasyon medikal ou. Dapre lalwa, nou ka gen yon sèl 30 jou ekstansyon pou konsidere yon demand pou amandman, si nou enfòmè w a lekri de ekstansyon an. Si ou vle mande nou pou amande enfòmasyon sante ou, voye mande yon a lekri, enkli rezon pou amandman an, bay moun ki kontak biwo a nan adrès, faks, ou kouryèl ki nan tèt anons sa a.
- Jwenn yon lis de divulgations enfòmasyon medikal ou yo ke nou te fè nan dènye sis ane yo (oswa pou yon peryòd pi kout si ou vle). Dapre lalwa, lis la paka genyen : divulgations pou tretman, peman, oubyen operasyon swen sante ; divulgations ak otorizasyon ou: divulgations akseswa ; divulgations bligatwa dapre lalwa ; ak kèk lòt divulgations limite. W ap gen dwa pou yon lis konsa pa ane gratis. Si w vle plis lis pi souvan, ou ap gen pou peye pou sa yo davans. Dabitid nou reponn demann ou nan 60 jou aprè nou resevwa l, men dapre lalwa nou kapab gen yon sèl 30 jou ekstansyon si nou enfòmè w de ekstansyon an a lekri. Si ou vle yon lis, voye yon demann a lekri bay moun ki kontak biwo a nan adrès, faks, ou kouryèl ki nan tèt anons sa a.
- Jwenn kopi adisyonèl de avi enfòmasyon sou pratik pratik ou sou demand. Sa pa fè anyen ke ou jwenn yonn sou odinatè oswa sou fòm papye deja. Si ou vle kopi papye adisyonèl, voye yon demand a lekri bay moun ki kontak biwo a nan adrès, faks, ou kouryèl ki nan tèt anons sa a.

AVI NOU SOU ENFÒMASYON PRATIK PRIVE

Dapre lalwa, nou dwe respekte tèm pratik prive sa a jiskaske nou chwazi pou chanje li. Nou rezève dwa pou chanje anons sa a nenpòt moman jan lalwa pèmèt li. Si nou chanje anons sa a, nouvo pratik la ap aplike pou enfòmasyon sante ou ke nou deja genyen osi byen pou yon enfòmasyon ke nou ka jenere nan tan kap vini an. Si nou chanje enfòmasyon pratik prive yo, nou pral afiche nouvo avi nan biwo nou, nap gen kopi disponib nan biwo nou, epi nap afiche li sou sit Entènèt nou.

PLIZIÈ PLENT

Si ou panse ke nou pa respekte kòrèkteman enfòmasyon sante ou, w'a va lib pou ou pote plent ban nou, oswa bay Depatman de sante ak sèvis imen nan Etazini, biwo pou dwa sivil. Nou pap vanje kont ou si ou pote plent pou nou. Si ou vle pote plent la ban nou, voye yon konplent a lekri bay moun ki kontak biwo a nan adrès, faks, ou kouryèl ki nan tèt anons sa a. Si ou pito, ou kapab diskite pwoblèm ou an pèsòn, ou pa telefòn.

POU PLIS ENFÒMASYON

Si w vle plis enfòmasyon konsènan pratik prive nou, rele oswa vizite moun kontak biwo a nan adrès oubyen nan telefòn kin an tèt anons sa a.